पेट्रोलियम आ प्राकृतिक गैस मंत्रालय पाइप वाला प्राकृतिक गैस– पीएनजी आ द्रवीकृत पेट्रोलियम गैस –एलपीजी दुन्नो कनेक्सन वाले परिवारन के जुरते परभाव से आपन एलपीजी कनेक्सन सरेंडर कइले क निरदेस दिहले हौ। एगो अधिसूचना जारी कइ के मंत्रालय कहले हवे कि पीएनजी कनेक्सन रक्खे वाले कउनहूं मनई के घरेलू एलपीजी कनेक्सन रखले चाहे सरकारी तेल कम्पनियन चाहे उनके अधिकृत वितरकन से एलपीजी सिलिण्डर रिफिल लिहले क अनुमति नाही होई। मंत्रालय की ओरि से तेल विपणन कम्पनियन के भी निरदेस दिहल गइल हौ कि ऊ ओह उपभोक्ता लोगिन के नया एलपीजी कनेक्सन जारी न करें चाहे रिफिल न दें, जेकरे लग्गे पहिलहीं से पाइप वाला प्राकृतिक गैस क सुविधा उपलब्ध बा।

येह बिच्चे भारत क राजनयिक कोसिसन के बाद खाड़ी देसन से एलपीजी ले आ रहल दुइ एलपीजी वाहक जहाति, शिवालिक आ नंदा देवी काल्हि सुरक्षित होर्मुज जलडमरूमध्य के पार कइ गइल। जहाजरानी मंत्रालय क बिसेस सचिव राजेश कुमार सिन्हा बतवलें कि ई जहाजि अब गुजरात के मुंद्रा आ कांडला बंदरगाहन के ओरि आ रहल हौ।

***इनमें करीब 92 हजार सात सौ मीट्रिक टन एलपीजी है और इनका अराइवल पोर्ट मुंद्रा और कांडला होगा और इनकी एक्पैक्टिड अराइवल डेट 16 मार्च और 17 मार्च होगी।***

येह बिच्चे, पेट्रोलियम आ प्राकृतिक गैस मंत्रालय क संयुक्त सचिव सुजाता शर्मा लोगिन से एलपीजी सिण्डिलरन क जल्दबाजी में बुकिंग न कइले आ जरूरति परले पर ही बुकिंग कइले क आग्रह कइलिनि।

***सभी देशवासियों से अपील है कि कृपया डिजिटल्स बुकिंग के आपके पास टूल्स अवेलेबल है, उनको यूज करें, जरूरत नहीं है कि कोई भी किसी डिस्ट्रीब्यूटरशिप के पास जाकर लाइन में खड़ा होकर बुकिंग करें या सिलेंडर की डिलीवरी ले।***

सुश्री सुजाता बतवलिनि कि राज्य सरकारन बदे व्यावयायिक सिलिण्डर उपलब्ध करावल गइल बा।

**********

मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ राज्य के सज्जो भरती बोर्ड क अध्यक्षन के ई सुनिस्चित कइले क निरदेस दिहले हवें कि कउनहूं मनई, जाति, सम्प्रदाय चाहे धारमिक समुदाय क गरिमा आ मान्यता के बारे में कउनहूं अपमानजनक चाहे निंदनीय टिप्पणी न कइल जाय। उत्तर प्रदेस पुलिस सब–इंस्पेक्टर भर्ती परीक्षा के प्रस्न पत्र से जुड़ल मुद्दा पर कड़ेर रूख अपनावत मुख्यमंत्री कहलें कि येह तरक के टिप्पणियन के कउनहूं हालति में बरदास्त नाहीं कइल जाई। उहां के ईहो निरदेस दिहलीं कि सजजो प्रस्नपत्र तइयार करे वालन के येह बारे में साफ़ तौर पर निरदेसित कइल जाव आ बेरि–बेरि उल्लंघन करे वालन के जुरते ब्लैकलिस्ट कइल जाव। मुख्यमंत्री आगे कहलें कि प्रस्न पत्र तइयार करे वालन के साथे भइल समझौता ज्ञापनों में ई प्रावधान सामिल कइल जाये के चाही।

**********

केंद्रीय माध्यमिक शिक्षा बोर्ड–सी.बी.एस.ई पश्चिम एशियाई क्षेत्र में बिहने से अगिला महिन्ना के दस तारीख ले होखे वाला कक्षा बारह क परीक्षा रद्द कइ दिहले हौ। बोर्ड बतवलस कि पहिले स्थगित कइल गइल परीक्षो रद्द रही।

**********

प्रदेस में चलि रहल दुइ दिवसीय उप निरीक्षक नागरिक पुलिस भरती परीक्षा– दुइ हजार पचीस कड़ेर सुरक्षा के बिच्चे आजु सान्ती के साथे पूरा हो गइल। राजधानी लखनऊ, वाराणसी, गोरखपुर, अजोध्या, जौनपुर, गाजियाबाद, मेरठ के सथहीं सज्जो जिलन में प्रसासन लगतारे निगरानी कइलस। येह परीक्षा बदे प्रदेस क पचहत्तर जिलन में एक हजार नब्बे परीक्षा केन्द्र बनावल गइल रहे।

**********

प्रदेस में चीनी आ सिंथेटिक मांझा पर प्रतिबंध के ले के प्रदेस क सज्जो पुलिस अधिकारियन के निरदेस जारी कइल गइल हौ। प्रदेस क अपर पुलिस महानिदेसक कानून व्यवस्था अमिताभ यश कहलें कि मांझा क निरमाण, बिकिरी आ इस्तेमाल पुरहर तरह से बन्द होखे के चाही, जे भी एकर इस्तेमाल करे, ओकरे खिलाफ कार्रवाई कइल जाव।

***माननीय उच्च न्यायाल, एनजीटी उत्तर प्रदेश शासन और पुलिस मुख्यालय के निर्देशों के अनुपालन में पूरे प्रदेश में एक विशेष अभियान चलाया गया है। सभी पुलिस अधिकारियों को स्पष्ट निर्देश दिए गए हैं कि इस प्रतिबंध का कड़ाई से अनुपालन सुनिश्चित किया जाए।***

**********

प्रदेस के जियादेतर जिलन में मौसम में बदलाव देखे के मिलि रहल हौ। लखनऊ, बरेली, अमरोहा के सथहीं कई जिलन में तेज बेयारि के साथे भइल बरखा से मौसम ठंडा हो गइल बा। मौसम विभाग प्रदेस के पूरबी जिलन–गोरखपुर, मऊ, बलिया, देउरिया, संतकबीरनगर, बस्ती, कुशीनगर, महाराजगंज, सिद्धार्थनगर आ एकरे लग्गे के इलाकन में आजु आ बिहने तेज बेयारि चलले आ कुछु जगहिनि पर गरज–चमकि के साथे हल्लुकाहे बरखा भइले क पूर्वानुमान बतवले हौ।

**********